# УСТАЗ ЖУРНАЛИСТКЕ МҮНӘСИП АТАҚ

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (54 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (54 KB)

**8-март – Халықаралық ҳаял-қызлар байрамы мүнәсибети менен Қарақалпақстан телерадиокомпаниясы «Қарақалпақстан» телеканалының бас редакторы Алтынгүл Өтениязова «Өзбекстан Республикасына хызмет көрсеткен журналист» атағын алыўға миясар болды.**

Алтынгүл Өтениязова халқымызға Қарақалпақстан телеканалындағы «Айқулақ», «Арамыздағы әпсана», «Ата-мәкан сағынышы», «Қәлбимдеги қосықлар» атамасындағы көрсетиўлер арқалы жақсы таныс. Оның ширели, жанға жағымлы  ҳаўазы бәршеге бирдей унайды. Тамашагөйлер оның көрсетиўлерин асығыслық пенен күтеди.

Алтынгүл – халықтың жүрегине жақын перзент. Журналистика тараўында көп жыллардан берли (1991-ж.) жемисли мийнет етип, машақатлы ҳәм мақтанышлы жолларды басып өткен устаз журналист.

Ол 1965-жылы Тахтакөпир районында туўылған.  «Жүреклерде бар бол муҳаббат», «Жақсылыққа тәжим», «Айқулақ» қосық китаплары баспадан шыққан. Оның жазған қосықлары көпшиликтиң жүрек төринен орын алып, айырымлары халық сүйип тыңлар қосықларға айланған («Туўылған-Ўатан», «Нетермен», «Дүнья», «Халқым», «Айжигит», «Қарақалпақ қызыман» ҳәм тағы басқа).

А.Утениязова «Арзыўлы жыллар»  телесериалы, «Тырналар киятыр» радиожурналы, «Муҳаббат ҳәм ғәзеп», «Жигиттиң ығбалын берсин» атамасындағы видиофильмлердиң авторы.

Жақын күнлерде шайырдың «Аңлаттың маған» китабы баспадан шығыўы күтилмекте.

А.Утениязованың қәлемине тийисли «Қызың-ар-намысың» спектакли Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театрында сахналастырылды.

– Елбасшымыздың ҳаял-қызларға болған ҳүрметинен төбемиз көкке жетти. Ол барлық мийнетти сүйген ҳаял-қызларымыздың мийнетлерин мүнәсип баҳалады деп ойлайман, – дейди мақаламыз қаҳарманы. Минекей шәкиртлерим де изимди басып келмекте. Олар арасынан Гүлбәҳәр Ақымбетова, Шаҳзада Базарбаева «Зульфия» атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреатлары болды, Ләззет Есемуратова болса, телевидениеде танымалы журналист болып жетилисти. Олардың жетискенлиги мен ушын үлкен  мақтаныш.

Алтынгүл апа жәмийетте белсенди ҳаял, шаңарақта әдиўли ана, опалы өмирлик жолдас, ақлықларының сүйикли апасы.

Шаңарақта өмирлик жолдасы Толыбай Пиримбетов пенен бирге 3 перзент ҳәм 2 ақлықты тәрбияламақта. Балалары жоқары мағлыўматқа ийе. Олар да жәмийетимиздиң раўажланыўы жолында хызмет етпекте.

**Тәрбия СЕЙТНАЗАРОВА,**

**Қарақалпақстан хабар агентлиги хабаршысы**

Sa'ne: 10.03.2018 10:27, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'